



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GICHÈ PEYAJ SOU WOUT RAPID K AP ACHEVE SOU TOUT PON AK TINÈL MTA YO AN 2017**

*Eta New York ap Deplwaye 150 Jandam Siplemanète Eta a pou Ranfòse Sekirite kont Menas 21<sup>yèm</sup> Syèk la epi Responsabilize Moun k Ap Fè Fwod nan Gichè Peyaj yo*

*Nouvo Règlemantasyon nan Tout Eta a k Ap Ranfòse Penalite pou Moun ki pa Peye Peyaj yo k Ap Anvigè nan Kòmansman 2017*

*Ar Patikilye pou Sit la ak Ekleraj LED pou Transfòme Entèseksyon an, an Ar Piblik*

*Nouvo Piblisite nan Televizyon k Ap Prezante John Leguizamo k Ap Mete Aksan sou Pwogram Peyaj nan Wout Rapid ki Kòmansse Pase sou Lèzond Jodi a; Piblisite a Disponib an Anglè [Isit la](#) e an Espanyòl [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse peyaj ki pa itilize lajan kach sou wout rapid a gran vitès, k ap acheve sou tout pon ak tinèl MTA (Otorite Transpòtasyon Metropolitan) administre yo nan rejyon metwopolitèn New York la nan fen 2017 la, ak gichè peyaj otomatik apati de Tinèl Hugh L. Carey ak Queens Midtown yo mwa pwochen an. Eta a ap deplwaye 150 Jandam Eta yo tou apati de janvyè nan pon ak tinèl MTA yo pou amelyore sekirite nan pwen kontwòl kle yo, ranfòse efò kont teworis epi responsabilize moun k ap fè fwod yo.

Nan mwa janvyè a, nouvo règleman DMV (Depatman Veyikil a Motè) yo ap anvigè ki abouti sou sispanasyon imatrikilasyon yon veyikil ke pwopriyetè li anrejistre pou twa vyolasyon peyaj pandan yon peryòd senk an. Anplis, nouvo règleman MTA ki ogmante amand pou moun ki pa peye dwa peyaj yo ap antre anvigè nan mitan mwa fevriye.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Gichè peyaj nan wout rapid la senplifye depasman, redwi deranjman epi, anplis li ranfòse mezi sekirite yo ak nouvo ekleraj ak ar an LED, li re-imagine entèseksyon New York yo nan kad reparasyon enfrastrikti nou yo pou reponn a bezwen jenerasyon aktyèl ak jenerasyon fiti Nouyokè yo. Pwojè sa se yon investisman transfòmateur nan avni nou ki revolisyone transpò nan tout eta a epi ede nou konstwi yon nouvo New York.”

Gouvènè Cuomo te revele tou yon nouvo piblisite nan televizyon k ap prezante John Leguizamo k ap mete aksan sou peyaj sou wout rapid la epi ankouraje Nouyokè yo enskri pou E-ZPass la. Piblisite a disponib an Anglè [isit la](#) ak [isit la](#) e an Espanyòl [isit la](#)

ak [isit la](#). Anplis, Gouvènè a te montre yon nouvo videyo ki detaye pwogrè Pwojè Entèseksyon New York yo ak anpil reyalizasyon nan enfrastrikti atravè eta a. Videyo a disponib [isit la](#) ak [isit la](#).

## **Peyaj sou Wout Rapid la**

Peyaj sou wout rapid la ap acheve nan tout pon ak tinèl MTA yo nan fen 2017 la. Kalandriye tou final yo prezante konsa:

- Tinèl Hugh L. Carey – Janvyè 2017
- Tinèl Queens Midtown – Janvyè 2017
- Pon Rockaway – Prentan 2017
- Pon RFK – Ete 2017
- Pon Verrazano-Narrows – Ete 2017
- Pon Throgs Neck – Otòn 2017
- Pon Bronx-Whitestone – Otòn 2017

Ak enplemantasyon peyaj nan wout rapid yo, detektè ak kamera modèn yo ap sispandi sou otowout la, sou estrikti ki rele “gantries” ki li etikèt E-ZPass yo epi pran imaj plak imatrikilasyon yo, pou veyikil yo pa bezwen kanpe pou peye dwa peyaj ankò. Veyikil ki genyen etikèt E-ZPass yo ap faktire otomatikman. Y ap anrejistre plak veyikil ki pa genyen E-ZPass yo e y ap voye yon fakti pa lapòs bay pwopriyetè chak veyikil ki anrejistre, chak 30 jou. Kliyan ki peye dwa peyaj yo pa lapòs ap peye menm tarif peyaj ak sa kliyan kach yo te peye anvan an, e kliyan E-ZPass ki gen etikèt Sant Sèvis New York yo (New York Service Center) ap kontinye resevwa omwen yon rabè 30 pousan. Etikèt E-ZPass yo ta dwe plase nan vit avan veyikil la sou andedan. Yo te teste gichè peyaj otomatik sou wout rapid yo ak siksè sou kote lwès Manhattan.

Yo prevwa ke gichè peyaj sou wout rapid yo pral pèmèt vwayajè yo ekonomize jiska 21 èdtan nan kondwi chak ane. An plis, li redwi emisyon gaz yo epi diminye nan fason konsiderab kantite kabiran chofè yo itilize, ki pa pral gen pou kanpe epi kòmanse tann pou peye gichè peyaj yo ankò. Sa pral konsève anviwon yon milyon galon kabiran epi ekonomize 2.3 milyon dola chak ane. MTA te entwodwi yon kantite pwogram pou rann li fasil pou chofè yo peye dwa peyaj yo. Kliyan yo ka enskri pou E-ZPass epi fè ekonomi 30 a 50 pousan sou dwa peyaj MTA yo nan [MTA.info/E-ZPass](http://MTA.info/E-ZPass) menm si yo pa genyen yon machin. Chofè ki resevwa yon fakti dwa peyaj pa lapòs ka peye li sou entènèt nan [tollsbyemailny.com](http://tollsbyemailny.com), pa lapòs, nan telefòn oubyen an pèsòn.

**Thomas F. Prendergast, Prezidan e PDG MTA, te di:** “Amelyorasyon sa yo ap amelyore sikilasyon an, redwi anbouteyaj, epi diminye tan deplasman yo pou fè li vin pi an sekirite pou Nouyòkè yo ka rann yo kote yo bezwen ale. Planifikasyon akselere n ap antreprann pou modènize tout enstalasyon nou yo nan ane 2017 la souliye angajman Gouvènè a pou investi nan rezo transpò New York la pou reponn a bezwen yon vil k ap devlope.”

## **Sekirite ak Aplikasyon ki Amelyore**

Pou asire ke tout itilizatè enstalasyon peyaj Pon ak Tinèl MTA yo peye kotizasyon ekitab yo, gen yon seri mezi aplikasyon ki anplas pou lite kont fwod kwonik nan dwa peyaj yo. New York ap deplwaye 150 Jandam Eta a nan pwen kontwòl kle yo pou lite kont moun k ap fè fwod nan gichè peyaj yo epi amelyore sekirite piblik la.

Kliyan ki pa peye dwa peyaj yo sijè a yon frè 50 dola pou vyolasyon, sispansyon imatrikilasyon machin yo ak lòt mezi koreksyon. Frè reta yo akimile si yon fakti peyaj inisyèl pa peye. Apati de Fevriye 2017, y ap ogmante frè pou vyolasyon an a 100 dola nan Pon Robert F. Kennedy, Bronx-Whitestone, Throgs Neck ak Verrazano-Narrows ak Tinèl Queens Midtown ak Hugh L. Carey. Frè vyolasyon an ap rete 50 dola nan Pon Marine Parkway, Cross Bay, ak Henry Hudson. Pou veyikil komèsyal yo, si ou pa peye frè peyaj pou montan 200 dola oswa plis nan yon peryòd 5 an, sa ap abouti sou Sispansyon Imatrikilasyon an.

Nan chak entèseksyon, ansanm ak nan pwen sansib estriktirèl yo sou pon ak tinèl yo, y ap enstale kamera ak detektè ki avanse pou li plak imatrikilasyon, kèlkeswa kondisyon ekleraj yo oswa vitès veyikil la. Chak veyikil ki pase nan yon pon oswa tinèl MTA, y ap eskane plak imatrikilasyon yo, e teknoloji a ap verifeye nimewo plak imatrikilasyon veyikil la alenstan ak lis imatrikilasyon ki sispandi yo epi voye yon alam bay Jandam ki an fonksyon an e bay Ofisye Pon ak Tinèl yo nan kèk segond.

Ekip sekirite Polis Eta a ak Gad Nasyonal la ap travay ak Ofisye Pon ak Tinèl MTA yo nan entèseksyon yo pou asire sekirite piblik la. Y ap pozisyone kamyon barikad espesyal nan entèseksyon yo pou sèvi kòm baryè mobil nan ka ijans.

## **Ar Piblik nan Entèseksyon yo**

Anplis li rann deplasman pi fasil pou chofè yo, “Pwojè Entèseksyon New York” Gouvènè Cuomo a, ap rekonfigire plas gichè peyaj yo pou yo tounen pasrèl transpò modèn. Mi sant komèsyal yo ap transfòme an vwal ki pwoteje pèsònèl sekirite ak ekipman yo, pandan l’ap sèvi kòm yon tablo mesaj LED. Veyikil ki entèsepte yo ap estasyone dèyè vwal lan epi pèsònèl sekirite yo ap gen pòtay siveyans nan liy vizyèl yo. Pandan rekonsepsyon sant komèsyal la pral varye, chak estrikti baraj gichè peyaj ki sou pon ak tinèl ke MTA administre yo ap kouvri ak yon travay atistik dekoratif k’ap prezante yon efè “vag”. Vag lan ap konstwi apati de fabrik may chèn metal ki bouje ak van. Y ap teste konsèp sa aktyèlman nan Tinèl Queens Midtown lan.

Y ap adopte ekleraj LED sou tout pon ak tinèl MTA yo. Limyè LED yo itilize 40 a 80 pousan mwens kouran epi dire sis fwa pi long ke nenpòt lòt tip ekleraj otowout yo. An plis yo koute mwens kòb epi yo dire pi long anpil, yo kapab pwograme limyè LED yo an koulè ak chema diferan.

Pwojè Entèseksyon New York nasyon an lè l anglobe tout pon ak tinèl ke MTA administre yo nan Vil New York, plis Pon George Washington. “Vil Ki Pa Janm Dòmi

an”, yon orè ekleraj soti lè solèy la pral kouche rive lè solèy la pral leve, ap ilimine entèseksyon sa yo ak espektak limyè miltikolò, ki espektakilè, ap visib sou plizyè kilomèt. Lè n ilimine estrikti New York yo ki deja enpresyonan, sa ap transfòme yo an atraksyon touristik entènasyonal e potansyèl pou pote plis revni touristik. Yo prevwa tou pou enstalasyon LED yo kòmanse mwa pwochen.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418